# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 24-майдағы 346-санлы Президиум қарары ҳаққында

2020-2021-оқыў жылының екинши ярым жыллығы даўамында улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары ушын қарақалпақ тилиндеги онлайн телесабақлардың сыпатлы таярланыўы ҳәм де олардың төлемлерин әмелге асырыў мақсетиндеги Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 24-майдағы 346-санлы Президиум қарарын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 24-майдағы “Улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшыларына онлайн телесабақларды таярлаў ушын қаржы ажыратыў ҳаққында”ғы 346-санлы Президиум қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Жоқарыдағы қарар менен:

Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги (М.Содиков)не 2020-2021-оқыў жылының екинши ярым жыллығы даўамында улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары ушын қарақалпақ тилиндеги 1700 онлайн телесабақларды таярлаў ушын зәрүр болған 626 702 000 (алты жүз жигирма алты миллион жети жүз еки мын) сўм қаржыны Қарақалпақстан Республикасы республика бюджети 1-шерек дәраматлар реже көрсеткишлериниң артық орынланған бөлеги есабынан тийисли тәртипте Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине ажыратылыўы;

Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик финанслық қадағалаў басқармасына (А.Казакбаев) усы қарар тийкарында ажыратылған қаржылардың мақсетли жумсалыўын қадағалаў ҳәм нәтийжеси бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине мәлимлеме киритиўи белгиленгенлиги мағлыўмат ушын кабыл етилсин.

3. Бухгалтериялық есабат ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими (Г.Бекмуратова)не 2020-2021-оқыў жылының екинши ярым жыллығы даўамында улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары ушын қарақалпақ тилиндеги 1700 онлайн телесабақларды таярлаў ушын ажыратылған 626 702 000 (алты жүз жигирма алты миллион жети жүз еки мын) сўм қаржыны белгиленген тәртипте Қарақалпақстан телерадиокомпаниясына өткерип берилиўин тәмийинлесин.

4. Республикалық билимлендириў Орайы (Қ.Жубанов) 2020-2021-оқыў жылының екинши ярым жыллығы даўамында улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары ушын қарақалпақ тилинде таярланған 1700 онлайн телесабақларды таярлаўда белсене қатнасқан муғаллим, редактор ҳәм сурдопедагогларды тийисли тәртипте Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Халық билимлендириў тараўындағы реформаларға көмеклесиў қоры есабынан қаржыландырылып барыў илажларын көриў;

2020-2021-оқыў жылында Қарақалпақстан телевидениеси арқалы онлайн эфирге берилген телесабақлардың есабатын бериў ўазыйпасы жүклетилсин.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а. Қ.Бекбаулиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл “11” Июнь
145-санлы